

## **BAB III**

### **MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN**

#### **3.1 Sumber Data**

Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta siswa kelas VIII C SMPN 1 Cariu Kabupatén Bogor taun ajaran 2011/2012 anu jumlahna aya 40 urang, ngawengku 22 urang lalaki jeung 18 urang awéwé. Hasil tina nulis laporan éta siswa mangrupa data anu satuluyna dijadikeun bahan panalungtikan.

#### **3.2 Desain Panalungtikan**

Numutkeun Campbell jeung Stanly dina Arikunto (2006: 84) yén sampurna jeung henteuna hiji panalungtikan gumantung kana desain panalungtikan. Desain panalungtikan dibagi jadi dua kelompok:

- 1) *Pre-Experimental Design* atawa disebut ogé ékspérimén nu can sampurna  
*Pre-Experimental Design sering kali dipandang sebagai eksperimen yang tidak sebenarnya. Oleh karena itu sering disebut juga dengan istilah “quasi eksperimen” atau eksperimen pura-pura (Arikunto, 2006:84)*
- 2) *True Experimental Design* atawa disebut ogé ékspérimén nu sampurna.


Léngkah-léngkah dina ieu panalungtikan nya éta saperti ieu di handap:

- 1) Nangtukeun sumber data.
- 2) Ngalaksakeun pratés di kelas anu mangrupa sumber data.
- 3) Ngalakukeun pangajaran nulis laporan ngagunakeun modél pangajaran *examples non examples*.

- 4) Ngalaksakeun pascaté salaku léngkah pikeun mikanyaho kamekaran kamampuh anu dipiboga ku siswa sanggeus dibéré perlakuan. Kamekaran siswa ditilik ngaliwatan babandingan skor pratés jeung pascaté.
- 5) Ngolah hasil pratés jeung pascaté nepi ka réngsé.
- 6) Ngitung rata-rata pratés jeung pascaté.
- 7) Nguji hipotésis.

Ditilik tina léngkah-léngkah anu geus diébréhkeun di luhur, ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik ngumpulkeun data anu carana nya éta tés. Éta tés kabagi jadi prates jeung pascaté.

Ku kituna, ieu panalungtikan kaasup kana métode kuasi ékspérimén anu ngagunakeun *design pre-test and post-test group*, anu digambarkeun saperti ieu di handap.



Désain panalungtikan *pre-test and post-test group*

(Arikunto, 2006: 85)

Katerangan:

- a.  $O_1$  : tés awal saméméh perlakuan (*pre-test*)
- b.  $O_2$  : tés ahir sanggeus perlakuan (*post-test*)
- c.  $X$  : perlakuan ngagunakeun modél pangajaran *examples non examples*

### 3.3 Metode Panalungtikan

Dina ngalakukeun panalungtikan perlu pisan ayana métode salaku léngkah gawé panalungtik pikeun nyingkahan ayana salah paham sarta pikeun ngaréngsékeun masalah.

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode kuasi éksperimén atawa disebut ogé éksperimén semu, nya éta hiji panalungtikan ngagunakeun kelas éksperimén kalawan henteu maké kelas kontrol.

Métode éksperimén mangrupa hiji métode panalungtikan anu produktif sabab digunakeun pikeun ngajawab hipotésis anu geus dirumuskeun.

### 3.4 Wangenan Operasional

Wangenan operasional ngawengku kana wangenan sacara umum ngeunaan variabel-variabel, boh variabel bébas boh variabel kauger.

- 1) Kaéfektifan modél pangajaran *examples non examples* nya éta hasil atawa henteuna modél pangajaran *examples non examples* dina ngaronjatkeun kamampuh nulis laporan.
- 2) Kaparigelan nulis laporan nya éta salasahiji kaparigelan anu kudu dipiboga ku siswa dina pelajaran basa Sunda di SMP.

Jadi anu dimaksud ku “Kaéfektifan Modél *Examples Non Exmples* dina Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Laporan” nya éta gambaran éfektif atawa henteuna modél pangajaran *examples non examples* dina ngaronjatkeun kamampuh siswa SMP dina nulis laporan.

### 3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén nya éta alat bantu pikeun ngumpulkeun data dina panalungtikan. Instrumén mangrupa hal anu kalintang penting, sabab hasil henteuna panalungtikan dipangaruhan ku instrumén anu digunakeun. Data anu diperlukeun pikeun ngajawab masalah jeung nguji hipotésis dikumpulkeun ngaliwatan instrumén.

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta instrumén tés jeung angkét. Tés nya éta runtuyan patalékan atawa alat anu digunakeun pikeun ngukur kaparigelan, pangaweruh, intelegénsi, kamampuh atawa bakat nu dipiboga ku individu atawa kelompok (Arikunto, 2006:150), sedengkeun angkét nya éta runtuyan patalékan tinulis anu digunakeun pikeun meunangkeun informasi ti réspodén ngeunaan dirina.

#### 1) Tés

Tés anu digunakeun dina ieu panalungtikan mangrupa tés anu sipatna aplikatif (penerapan) anu nungtut kamampuh nerapkeun pangweruh teoritis siswa kana kagiatan praktis tur kongkrét. Kamampuh aplikatif di dieu mangrupa kamampuh ngarobah, ngamodifikasi, ngadémonstrasikeun, nerapkeun hiji kamampuh nu dina ieu panalungtikan mangrupa kamampuh nulis laporan.

- Format tés

Jieun hiji karangan laporan kagiatan, anu témana olahraga!

## 2) Angkét

**Tabél 3.1**  
**Format Angkét**

No.	Pernyataan	Satuju Pisan	Satuju	Cukup	Teu satuju	Teu satuju pisan
1.	Pelajaran basa Sunda pikaresepeun					
2.	Matéri pelajaran basa Sunda babari kaharti jeung dicangkem					
3.	Matéri nulis karangan pikaresepeun					
4.	Diajar nulis karangan fiksi pikaresepeun					
5.	Diajar nulis karangan non fiksi pikaresepeun					
6.	Diajar nulis laporan kawilang gampang					
7.	Diajar nulis laporan ngagunakeun modél <i>examples non examples</i> pikaresepeun					
8.	Média gambar nu digunakeun ngagampangkeun dina nulis laporan					

### 3.6 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta ku cara téhnik tés jeung angkét.

#### 1) Tés

Tés nya éta runtuyan patalékan atawa alat anu digunakeun pikeun ngukur kaparigelan, pangaweruh, intelegénsi, kamampuh atawa bakat nu dipiboga ku individu atawa kelompok (Arikunto, 2006:150).

Tés anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta pratés jeung pascaté. Pratés mangrupa tés kamampuh awal saméméh siswa ngalaman prosés diajar

ngajar. Praténs dilaksanakeun pikeun ngukur kamampuh awal saméméh dibéré perlakuan (*treatment*), maksud perlakuan di dieu nya éta modél *examples non examples*, sedengkeun pascaténs mangrupa tés kamampuh ahir sanggeus diayakeun perlakuan dina kagiatan diajar ngajar.

Tés anu dilakukeun tujuanana pikeun mikanyaho kaéféktifan modél pangajaran *examples non examples* kana ngaronjatkeun kamampuh nulis laporan. Siswa nulis laporan anu mangrupa laporan kagiatan. Hasil nulis laporan dianalisis anu hasilna mangrupa angka anu dijieun data panalungtikan.

## 2) Angkét

Dina ieu panalungtikan diayakeun angkét anu fungsina pikeun mikanyaho réspón siswa kana pangajaran basa Sunda hususna nulis laporan kagiatan ngagunakeun modél *examples non examples*.

Dumasar kana téhnik di luhur, ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan dilaksanakeun ngaliwatan léngkah-léngkah ieu di handap.

- a) Nangtukeun sumber data.
- b) Ngalaksakeun pratés di kelas anu mangrupa sumber data.
- c) Ngalakukeun pangajaran nulis laporan ngagunakeun modél pangajaran *examples non examples*.
- d) Ngalaksakeun pascaténs salaku léngkah pikeun mikanyaho kamekaran kamampuh anu dipiboga ku siswa sanggeus dibéré perlakuan sarta ngeusi angkét pikeun mikanyaho réspón siswa kana modél *examples non examples* dina pangajaran nulis laporan.

### 3.7 Téhnik Ngolah Data

Data anu geus kakumpulkeun tuluy diolah pikeun mikanyaho hasil henteuna prosés pangajaran nulis laporan saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *examples non examples*.

Dina bagian ieu dipedar carana ngolah data tina hasil pangajaran anu geus dilakukeun. Léngkah-léngkah dina nganalisis data saperti ieu di handap.

#### 3.7.1 Méré peunteun karangan nulis laporan siswa

Dina méré peunteun karangan siswa di dieu ngagunakeun pedoman meunteun saperti dina tabél 3.3. Dumasar kana éta pedoman, skor maksimal karangan siswa nya éta 100.

Skor anu kahontal ku siswa dirobah jadi skor ahir kalawan ngagunakeun rumus:

$$n = \frac{\text{skor anu kahontal}}{\text{skor ideal}} \times 100\%$$

Sangkan leuwih écés, skor ahir siswa ditabulasikeun dina tabél ieu di handap.

**Tabél 3.2**  
**Skor Tés Kamampuh Nulis Laporan Siswa**

No	Wasta	A	B	C	D	E	Σ	P	Katégori

**Keterangan:**

- A = Eusi  
 B = Organisasi  
 C = Kandaga kecap  
 D = Basa  
 E = Panulisan  
 $\Sigma$  = Jumlah Skor  
 P = Peunteun

**Katégori** = Presentase  $\geq 65$ , siswa dianggap **mampuh** nulis laporan.

Presentase  $< 65$ , siswa dianggap **can mampuh** nulis laporan.

**Tabél 3.3**  
**Profil Kamampuh Nulis**

<i>Rincian Kemampuan Menulis</i>	<i>Skor</i>	<i>Tingkat</i>	<i>Patokan</i>
(1)	(2)	(3)	(4)
<i>Isi</i>	30-27 26-22 21-17 16-13	<i>Amat baik</i> <i>Baik</i> <i>Sedang</i> <i>Kurang</i>	<i>Amat memahami, amat luas dan lengkap, amat terjabar, amat sesuai dengan judul</i> <i>Memahami, luas dan lengkap, terjabar, sesuai dengan judul, meskipun kurang terinci.</i> <i>Memahami secara terbatas, kurang lengkap, kurang terjabar, kurang terinci.</i> <i>Tidak memahami isi, tidak mengena, tidak cukup untuk dinilai.</i>
<i>Organisasi</i>	20-18 17-14 13-10 9-7	<i>Amat baik</i> <i>Baik</i> <i>Sedang</i> <i>Kurang</i>	<i>Amat teratur dan rapi, amat jelas, kaya akan gagasan, urutan amat logis, kohesi amat tinggi</i> <i>Teratur dan rapi, jelas, banyak gagasan, urutan logis, kohesi tinggi.</i> <i>Kurang teratur dan rapi, kurang jelas, kurang gagasan, urutan kurang logis, kohesi kurang tinggi.</i> <i>Tidak teratur, tidak jelas, miskin gagasan, urutan tidak logis, tidak ada kohesi, tidak cukup untuk dinilai.</i>
<i>Kosakata</i>	20-18 17-14 13-10 9-7	<i>Amat baik</i> <i>Baik</i> <i>Sedang</i> <i>Kurang</i>	<i>Amat luas, penggunaan amat efektif, amat menguasai pembentukan kata, pemilihan kata amat tepat.</i> <i>Luas, penggunaan efektif, menguasai pembentukan kata, pemilihan kata yang tepat.</i> <i>Terbatas, kurang efektif, kurang menguasai pembentukan kata, pemilihan kata kurang tepat.</i> <i>Seperti terjemahan, tidak memahami pembentukan kata, tidak menguasai kata-kata, tidak cukup untuk dinilai.</i>



(1)	(2)	(3)	(4)
Bahasa	25-22	Amat baik	Amat menguasai tatabahasa, amat sedikit kesalahan penggunaan dan penyusunan kalimat dan kata-kata
	21-18	Baik	Penggunaan dan penyusunan kalimat yang sederhana, sedikit kesalahan tatabahasa tanpa mengaburkan makna.
	17-11	Sedang	Kesulitan dalam penggunaan dan penyusunan kalimat sederhana, kesalahan tatabahasa yang mengaburkan makna.
	10-5	Kurang	Tidak menguasai penggunaan dan penyusunan kalimat, tidak komunikatif, dan tidak cukup untuk dinilai.
Penulisan	5	Amat baik	Amat menguasai kaidah penulisan kata dan ejaan
	4	Baik	Menguasai kaidah penulisan kata dan ejaan dengan sedikit kesalahan.
	3	Sedang	Kurang menguasai kaidah penulisan kata dan ejaan, dengan banyak kesalahan.
	2	Kurang	Tidak menguasai kaidah penulisan kata dan ejaan, tulisan sulit dibaca, tidak cukup untuk dinilai.
Jumlah Skor			
Nilai akhir			

(Soenardi, 1996:130)

### 3.7.2 Uji Sipat Data

Nguji sipat data ngawengku uji normalitas jeung uji homogénitas.

#### a) Uji Normalitas

Tujuan diayakeun uji normalitas nya éta pikeun ngayakinkeun yén kamampuh siswa téh miboga distribusi anu normal, salaku sarat anu kudu dicumponan pikeun nguji kamampuh dua rata-rata.

Pikeun nangtukeun yén data téh miboga sipat anu normal atawa henteu bisa ngagunakeun rumus *chi kuadrat* ( $x^2$ ).

Dina nangtukeun uji normalitas, aya sababaraha léngkah anu dilakukeun.

Léngkah-léngkahna nya éta:

1) Nyieun tabél frekuensi skor pratés jeung pascaté

**Tabél 3.4**  
**Tabél Frékuénsi Skor**

Skor (X)	f	f.X	$x=(X-\bar{x})$	f.x	$f.x^2$
$\Sigma$					

a) Ngitung rata-rata (*mean*) skor pratés jeung pascaté

$$\bar{x} = \frac{\Sigma fx}{N}$$

b) Ngitung standar déviasi (SD)

$$SD = \sqrt{\frac{N \Sigma (fx^2) - (\Sigma fx)^2}{N(N-1)}}$$

c) Nyieun tabél frékuénsi observasi jeung frékuénsi ékspéktasi

**Tabél 3.5**  
**Frékuénsi Observasi jeung Frékuénsi Ékspéktasi**

Kelas	O <sub>i</sub>	B <sub>k</sub>	Z	Z(tabél)	L	E <sub>i</sub>	$X^2$

(1) Nangtukeun jumlah kelas

$$k = 1 + 3,3 \log n$$

(2) Ngitung rentang (r)

$$r = \text{skor pangluhurna} - \text{skor panghandapna}$$

(3) Ngitung panjang kelas (p)

$$p = \frac{r}{k}$$

(4) Ngitung Z

$$Z = \frac{(bk - \bar{x})}{SD}$$

(5) Nangtukeun ambahan/legana unggal kelas interval (L)

$$L = Z_s - Z_{\text{tabel}}$$

(6) Ngitung frékuénsi ékspéktasi

$$E_i = L \times N$$

(7) Nangtukeun chi kuadrat ( $\chi^2$ )

$$\chi^2 = \sum \frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$$

(8) Nangtukeun derajat kabébasan (db)

$$db = k - 3$$

(9) Nangtukeun normalitas

Pikeun nangtukeun normalitas distribusi populasi digunakeun kritéria ieu di handap.

$$X^2_{itung} < X^2_{tabel} \text{ hartina distribusi data normal}$$

$$X^2_{itung} > X^2_{tabel} \text{ hartina distribusi data teu normal}$$

b) Uji Homogénitas

Tujuan tina uji homogénitas nya éta pikeun mikanyaho homogén henteuna variasi sampel tina populasi anu sarua. Sarua jeung uji normalitas, pikeun nangtukeun homogén henteuna data ngagunakeun rumus *chi kuadrat*.

Pikeun nangtukeun homogénitas, léngkah-léngkahna nya éta:

(1) Nangtukeun variasi masing-masing kelompok.

- Variasi pratés ( $SI^2$ )

$$SI^2 = \frac{n \sum x^2 (\sum x)^2}{n(n-1)}$$

- Variabel pascatés ( $S2^2$ )

$$SI^2 = \frac{n \sum x^2 (\sum x)^2}{n(n-1)}$$

(2) Hasil tina variasi diasupkeun kana distribusi F

$$F = \frac{s^2_b}{s^2_k}$$

(3) Ngitung db

$$db = n - 1$$

(4) Nangtukeun F tabél

(5) Uji Homogénitas

Pikeun nangtukeun homogénitas digunakeun kritéria ieu di handap

$F_{itung} < F_{tabél}$  hartina variasi sampel homogén

$F_{itung} > F_{tabél}$  hartina variasi sampel teu homogén

### 3.7.3 Uji Gain

Dilakukeun uji gain nya éta pikeun nangtukeun naha aya bédana antara pratés jeung pascatés. Tina hasil ieu uji gain, bisa meunang gambaran ngeunaan kumaha pangaruh digunakeunana modél *examples non examples* kana kamampuh nulis laporan.

Pikeun nangtukeun uji gain ngagunakeun tabél ieu di handap.

**Tabél 3.6**  
**Uji Gain (d) Tingkat Kamapuh Nulis Laporan Ngagunakeun Modél**  
*Examples non examples*

No.	Pratés	Pascatés	$\Sigma$	d	d <sup>2</sup>

### 3.7.4 Uji Hipotesis

Pikeun nangtukeun uji hipotesis aya dua cara. Kahiji, saupama data hasil uji normalitas nuduhkeun yén éta data miboga distribusi data anu normal, dina nguji hipotesisna nggunakeun statistik paramétris kalawan ngagunakeun uji t-tes. Kadua, saupama data hasil uji normalitas téh nuduhkeun yén data miboga distribusi data anu teu normal, dina nguji hipotesisna ngagunakeun statistik nonparametris kalawan ngagunakeun *Uji Wilcoxon*.

#### 1) Statistik Paramétris

Léngkah-léngkah dina statistic paramétris nya éta saperti ieu di handap.

#### (1) Nyieun tabél uji jumlah rata-rata pratés jeung pascatés

**Tabél 3.7**  
**Tabél Uji Jumlah Rata-rata Pratés jeung Pascatés**

No	Pratés	Pascatés	d	d <sup>2</sup>	Xd (d-md)

#### (2) Nangtukeun mean tina béda pratés jeung pascatés kalawan ngagunakeun

rumus:

$$Md = \frac{\sum d}{N}$$

#### (3) Derajat kabébasan (db) kalawan rumus:

$$db = n-1$$

(4) Ngitung  $t$  kalayan rumus

$$\sum x^2 d = \sum d^2 - \frac{(\sum d)^2}{N}$$

(5) Ngabuktikeun hipotésis

$$t = \frac{MD}{\sqrt{\frac{\sum x^2 d}{n(n-1)}}}$$

(6) Nafsirkeun data

(7) Nyieun kacindekan

Ditarima henteuna hipotésis ngagunakeun kritéria ieu di handap

a) Lamun  $t_{itung} > t_{tabel}$ , hartina hipotésis ditarima, yén modél *examples non examples* éféktif dina ngaronjatkeun kamampuh nulis laporan siswa kelas VIII C SMPN 1 Cariu Kab. Bogor.

b) Lamun  $t_{itung} < t_{tabel}$ , hartina hipotésis ditarima, yén modél *examples non examples* teu éféktif dina ngaronjatkeun kamampuh nulis laporan siswa kelas VIII C SMPN 1 Cariu Kab. Bogor.

2) Statistik Nonparamétris

Statistik nonparamétris digunakeun pikeun nguji hipotesis anu distribusi datana teu normal. Téhnik statistik anu digunakeun nya éta *Uji Wilcoxon*. Nurutkeun Sudjana (1992: 250) dina Agriawan (2011) léngkah-léngkah uji *wilcoxon* téh nya eta:

- (a) asupkeun peunteun pretes siswa kana kolom ka-2 (XA1);
- (b) asupkeun peunteun postes siswa kana kolom ka-3 (XB1);
- (c) itung bedana antara pretes jeung postes ku cara XB1-XB1 tuluy asupkeun hasilna kana kolom ka-4;
- (d) nangtukeun jenjang ku cara ngurutkeun hasil beda tina kolom ka-4 timimiti nilai beda anu pangleutikna nepi anu panggedena;
- (e) sanggeus diurutkeun, misalna aya nilai anu sarua. Pikeun nangtukeun jenjangna, eta nilai the dijumlahkeun tuluy dibagi dua. Nilai tina hasil ngabagi the mangrupa hasil jenjangna;
- (f) sannggeus diurutkeun, asupkeun nilai jenjang JB kana kolom ka-5;
- (g) ngasupkeun nilai jenjang anu positif kana kolom ka-6, misalna aya nilai beda anu negatif asupkeun kana kolom ka-7;
- (h) ningali kana table harga-harga kritis uji wilcoxon, missal jumlah  $n = 23$  kalawan ngagunakeun taraf kasalahan 5%  $W_{tabel}=73$ ;
- (i) data anu geus diitung tuluy diasupkeun kana table uji *wilcoxon* ieu di handap.

**Table 3.8**  
**Tabél Uji Wilcoxon**

No. Siswa	XA1	XB1	Béda	Tanda jenjang		
			XA1-XB1	Jenjang	+	-

Keterangan:

- XA1 = peunteun pretes
- XB1 = peunteun postes

- (j) ditarima hneteuna hipotesis;



(k) dina uji wilcoxon ngagunakeun criteria ieu di handap.

- a. Lamun  $W_{itung(-)} < W_{tabel}$  dumasar taraf nyata nu ditangtukeun, hartina  $H_a$  ditarima, yén modél *examples non examples* boga pangaruh dina ngaronjatkeun kamampuh nulis laporan.
- b. Lamun  $W_{itung(-)} > W_{tabel}$  dumasar taraf nyata nu ditangtukeun, hartina  $H_a$  ditolak, yén modél *examples non examples* boga pangaruh dina ngaronjatkeun kamampuh nulis laporan.

